# Гъагъэ, ефIакIуэ, балъкъэр лъэпкъ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪ УЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

# АДЫГЭ ТЕКIУАДЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№59 (20.967) ● 2007 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и законодательнэ (лIыкIуэ), гъэзэщIакIуэ органэхэм я къызэгъэпэщыкIэ хабзэхэу псом я дежкIи зэхуэдэхэм я Iуэхуфl» Федеральнэ законым и 17-нэ статьям и 4-нэ пунктым, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым япкъ иткIэ, **унафэ соцI:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэ къызэгъэпэщын.

2. Мыхэр зэрыщытхэр:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэм и зэхэлыкIэр.

3. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и пIэм нуэру къэлыгтэн абы ярищыкIа хозяйствэ договорхэмрэ хуитныгъэхэмрэ я лъэныкъуэкIэ.

4. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэр хуит щыIм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхэр зезыхъэм и къуэдзэу зы иIэну.

5. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм къызэригъэпэщын хуейщ мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдзэну ахъшэр яхуэхъуIыпщыныр.

6. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлыкIэм, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 28-м кьыдигъэкIа Указ №66-УП-мкlэ кьащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, 3-нэ пунктым «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхмкlэ управленэ» псалъэхэр хэгъэхьауэ.

7. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2007 гъэм гъатхэпэм и 26-м*
*№14-УП*

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхэр зезыхъэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. **Щоджэн Мухьамэд Май и къуэр** Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэхэр зезыхьэу гъэувын, абы иIыгъ къулыкIуэр щхьэщыхьауэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2007 гъэм гъатхэпэм и 26-м*
*№15-УП*

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым деж зэпымыуу щыIэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. **Жаморэ Владимир СультIан и къуэр** Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым деж зэпымыуу щыIэу гъуэувын.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2007 гъэм гъатхэпэм и 26-м*
*№16-УП*

**Балкъэр лъэпкъым и къащIэращIэжыныгъэм и мыхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. щыхухэм**

# Зэрызахуигъазэр

Лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балкъэрым и цIыхубэм пщэдей егъэпсалIэ Балкъэр лъэпкъым и къащIэращIэжыныгъэм и махуэр. Мы гъэм ар псом хэмыдажу хэхауэ тльапIэщ: «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балкъэр АССР-м хуэгъэкIуэжыным и Iэхуэкlэ» КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м кьыдигъэкIа Законым ипкъ иткIэ, балкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр зэрызэфIагъэувэжрэ ильэс 50 ирокIу.

Республикэм и гъащIэм а Iуэхум тхьыдэ мыхьэнэ зэрыщIэр кьыхоц а махуэшхуэм и фIэщыгъэщIамк. Абы къыбгурегъаIуэу гъэзэщIэным и лъэхъэнэм зекIуа Сталиным и лъэхъэнэм зекIуа лейм рэ хабзэншагъэхэмрэ, ауэ я цIыхэр ямыгъэщхьыгъуэу гугъуехь псори къызэранэкIащ, я жьэгу пащхьэм кьежьэпIэжри я лъэпкъ къэралыгъэр зэфIагъэувэжащ икIи адыгэхэм, урысхэм, адрей я къуэш лъэпкъхэм ящыгъуу гъащIэ Iэнатlэм пэрыувэжащ.

Мы махуэ гуфIэгъуэм ирихьэлIэу дэ дригушхуэу къыдогъэпэгъуэ балкъэр лъэпкъым и адэжь щIыналъэм къызэрыкIуэкрэ блэкIа зэманым кьриубыдэу экономикэ, политикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэ инхэр къызэрихьар, Урысейм щыпсэу зэхъуэщI лъэпкъхэм я сатырым езым хуэфащэн увыпIэ зэрыщиубыдыкар. Нобэ абы яхуэфащэн щIэныгъэрэ акъылпрэ зиIэ цIыхухэр и куэдщ икIи Къэбэрдей-Балкъэрым ис лъэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтым хэту тегушхуауэ гъащIэщIэр ерухуэ.

Балкъэр лъэпкъым и къащIэращIэжныгъэм и махуэр ипэжыпIэкIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ зэкъуэтым - кьызыхэкIа лъэпкъым, социальнэ гупым емылытауэ, дэ тщыщ дэтхэнэми и дежкIэ езым и адэжь унэу щытым икIи зи хуэбзмрэ нэхуи рэ тхъумэну ди кьалэным - и къащIэращIэжныгъэм и махуэщ. Дэ псоми ди къэкIуэнур нэхуу щытынымкIэ шэсыпIэр аращ.

Балкъэр лъэпкъым, республикэм ис лъэпкъ псоми си гумрэ си псэмрэ кьабгъэдэкIыу махуэшхуэмкIэ сохъуэхъу икIи дэтхэнэми мамырыгъэ, насып, ефIакIуэныгъэ иIэну сызэригуапэр жьэIэ.

**Къэбэрдей-Балкъэрым и лъэпкъ-хьэщIэхэм куэд зэрыхуэфIэкIыгъэр Москвэрэ Берлинрэ къыщыхьыгъ**

**КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и цIэкIэ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Гордеев Алексей къигъэхьа тхыгъэм къыщигъэлъэгъуащ Берлин кьалэм щекIуэкIа «Щхьэнтlагъэм и тхьэмахуэ зэхуаку - 2007» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ иным Урысейм и эк спозицэр къыщыдэлъэгъэнэщхьыныкIэ зэщIыгъуэу дэжьыгъэфI зэрырагъэкIуэкIам папщIэ фIыщIэ къызэрыхуищIыр.**

КъАПЩТЭМЭ, мы письмом итщ: «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и экспозицэм наIуэ къащIащ щIэупщIэ зиIэ продукцэ кьэлэжьыныкIэ мы щIыналъэм и агропромышленнэ комплексым и предприятэхэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ яIэ зэфIэкIым зэпымыуэ зэрыхьэхьуэр икIи абы пщIэщIхуэ хуащIащ гъэлъэгъуэныгъэм кьекIуэлIаХэм, къэрал зэмылIэужьыгъуэм ящыщ хьэрычэт лэжьакIуэхэмрэ промышленникхэмрэ. Шэч кьытесхьэркъым Берлин 2008 гъэм щIышылэм и 18-м щыщIздзауэ 27-м нэсыху щекIуэкIыну «Щхьэнтlагъэм и тхьэмахуэ зэхуаку-2008» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм апхуэдэ зэфIэкIрэ жьауплыныгъэрэ хэлъу зэрызыхуэвгъэхьэзырыну».

Министрыр Къэбэрдей-Балкъэрым и Iэтащхьэм кьехъуэхъуащ узынщагъэ, зэфIэкIыфI иIэну, Урысейр ефIэкIуэным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэщхьэм адэжкIи екъулIэну.

***КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.***

**●Къэрал къулыкъущапlэхэм**

**КъБР-м и Парламентым и Унэм депутатхэр щаIущIащ мамырыгъэ Iуэху я пщэдлъу Кавказ Ищхъэрэм къэкIуа Урысейм и муфтийхэм я Советым и лыкIуэхэм.**

ПАРЛАМЕНТЫМ и Унафэщ Бечелов Ильяс хьэщIэхэр гуапэу кьригъэблагъащ икIи адэ щIэупщIуэзэ ищIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зэхэтлыкIэм, законхэр кьэщтэн и лъэныкъуэкIэ депутатхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэм.

Урысейм и муфтийхэм я Советым и УнафэщI шейх Гайнутдин Равиль зи пашэ гупыр гуапэу зэрыгъэблагъэм щхьэкIэ фIыщIэ ищIащ икIи жиIащ лыкIуэ гупым Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ мамырыгъэ Iуэхукlэ къыхэзыхыжькIуэхьр, мамырыгъэр гъэбдзэным хущIэкъуу субъектхэм я унафэщIхэм, дин лэжьакIуэхэм, щIалэгъуалэм зэрыIущIэр.

Шейхым депутатхэм яхуиIуэтащ Шэшэным, Дагъыстаным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щIлъэгъуащIэр къыхэзыщыкъхьуар. Ирригушхуэу абы къиригъэлъэгъащ чыристан динымрэ исЪаемымрэ ди къаралым дин нэхъыщхьэхуэ зэрыщыщытыр, Урысейм и мусЪымэнхэм я гъунэгъунэ хуэгъэзауэ Iащ зэи къыхэзрамыIэтар. Мыдрейуэ Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэр, а щIыналъэр зыщIу щытыныр къыщыIэзэгъэнэну зэрахуэзэфIэкIар.

**Мамырыгъэ Iуэху зэрахуэ**

«Исльамыр мамырыгъэ динщ, - къыхигъэбелджьылкIащ абы, - арап муслЪымэнхэм терроризмэм, экстремизмэм я мурадхэр къызэпаудыну щIахуэфIэкIаращ».

Я лэжьыгъэр жьыдэру зэрызэфIагъэкIым икIи исльамым и хабзэхэр хэпщэным и Iуэхум хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым щхьэкIэ фIыщIэ яхуищIри, Урысейм и муфтийхэм я Советым и Унафэщым КъБР-м и мусЪымэнхэм я Дин Iуэхущапlэм и унафэщI ПщыхьэщIэ Анас, Исльам институтым и ректор Чочаев Шарафутдин сымэ «Дин зэкъуэтныгъэм папщIэ» медалхэр яриташ.

ПщIэшхуэ зэрахуищIым икIи хьэщIагъ къызэрыкIэлъызэрахьам и дамыгъэ, абы мусЪымэм пыIэ щыкIуэр ящIэ яхуищIащ республикэм и Парламентым и УнафэщI Бечелов Ильясрэ КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщ Къанокъуэ СультIанрэ.

Шейх Гайнутдин Равиль жэуап яриташ депутатхэм я упщIэхэм.

**МЭЗ Ириняз.**

**Балкъэр лъэпкъым и къащIэращIэжныгъэм и мыхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. щыхухэм**

# Зэрызахуигъазэр

Лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балкъэрым и цIыхубэм пщэдей егъэпсалIэ Балкъэр лъэпкъым и къащIэращIэжныгъэм и махуэр. Мы гъэм ар псом хэмыдажу хэхауэ тльапIэщ: «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балкъэр АССР-м хуэгъэкIуэжыным и Iэхуэкlэ» КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м кьыдигъэкIа Законым ипкъ иткIэ, балкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр зэрызэфIагъэувэжрэ ильэс 50 ирокIу.

Республикэм и гъащIэм а Iуэхум тхьыдэ мыхьэнэ зэрыщIэр кьыхоц а махуэшхуэм и фIэщыгъэщIамк. Абы къыбгурегъаIуэу гъэзэщIэным и лъэхъэнэм зекIуа Сталиным и лъэхъэнэм зекIуа лейм рэ хабзэншагъэхэмрэ, ауэ я цIыхэр ямыгъэщхьыгъуэу гугъуехь псори къызэранэкIащ, я жьэгу пащхьэм кьежьэпIэжри я лъэпкъ къэралыгъэр зэфIагъэувэжащ икIи адыгэхэм, урысхэм, адрей я къуэш лъэпкъхэм ящыгъуу гъащIэ Iэнатlэм пэрыувэжащ.

Мы махуэ гуфIэгъуэм ирихьэлIэу дэ дригушхуэу къыдогъэпэгъуэ балкъэр лъэпкъым и адэжь щIыналъэм къызэрыкIуэкрэ блэкIа зэманым къриубыдэу экономикэ, политикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэ инхэр къызэрихьар, Урысейм щыпсэу зэхъуэщI лъэпкъхэм я сатырым езым хуэфащэн увыпIэ зэрыщиубыдыкар. Нобэ абы яхуэфащэн щIэныгъэрэ акъылпрэ зиIэ цIыхухэр и куэдщ икIи Къэбэрдей-Балкъэрым ис лъэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтым хэту тегушхуауэ гъащIэщIэр ерухуэ.

Балкъэр лъэпкъым и къащIэращIэжныгъэм и махуэр ипэжыпIэкIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ зэкъуэтым - кьызыхэкIа лъэпкъым, социальнэ гупым емылытауэ, дэ тщыщ дэтхэнэми и дежкIэ езым и адэжь унэу щытым икIи зи хуэбзмрэ нэхуи рэ тхъумэну ди кьалэным - и къащIэращIэжныгъэм и махуэщ. Дэ псоми ди къэкIуэнур нэхуу щытынымкIэ шэсыпIэр аращ.

Балкъэр лъэпкъым, республикэм ис лъэпкъ псоми си гумрэ си псэмрэ кьабгъэдэкIыу махуэшхуэмкIэ сохъуэхъу икIи дэтхэнэми мамырыгъэ, насып, ефIакIуэныгъэ иIэну сызэригуапэр жьэIэ.

***КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.***

**БЕЧЕЛОВ Ильяс,** *КъБР-м и Парламентым и Унафэщ*

# Си фIэщ мэхъу



ИЛЬЭС епщыкIутIанэ хъуауэ дэ гъэ кьэс Гъатхэпэм и 28-мдогъэлапIэ Балкъэр лъэпкъым и кьэщIэрэщIэжныгъэм и махуэр - щIыхьымрэ захуагъэмрэ теухуауэ къэралым игъэлапIэ махуэр. Ильэс 50 и пэкIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдигъэкIа Указымрэ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балкъэр АССР-у зэхъуэкIыным и Iуэхукlэ» республикэ законымрэ япкъ иткIэ зэфIагъэувэжащ балкъэр лъэпкъым и къэралыгъэр. ЩIыхуэхэр абы хуабжьу щыгуфIыкIащ.

Къэбэрдей-Балкъэрыр ящыщщ зи цIыхуэхэм я процент 90-м нэсыкI тхыдэм и лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэралым залымыгъэрэ хабзэншагъэрэ щакIэльыгъэрихьа лъахэхэм. Я пэу лей кьатехьащ адыгэхэм, 1918 гъэм - къэзакъхэм. 1944 гъэм ягъэIэпхъуащ балкъэр лъэпкъыр.

Иджыблагъэ республикэм и жылагъэм игу кьигъэкIыжащ гъатхэпэм и 8-р. А махуэм балкъэрхэр езыхэм я щIыналъэм ирахуауэ щытащ. Мазэ дэкIри, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым абыхэм я къэралыгъэр игъэкIуэдыжащ. Апхуэдэу лей кьатехьащ къэрэшейхэм, шэшэнхэм, ингушхэм, кьалмыкъхэм, кьрым тэтэрхэм..

Сталиным и нэIэ щIэту зэхащIыхьа а политикэ щIэпхъаджагъэр нэхьри хьэлъэ ещI ар зауэр щекIуэкI зэманым зэралажьам. Балкъэр лъэпкъым и кьуэ минхэм фронтхэм яIэ щагъэжьауэ иэмышэ зэрыщIэхуаКIуэхэм пэщIэту. Дэтхэнэ сэлэтри, дэтхэнэ сомри щыIэпалъыт, сэлэтхэм ящыгъынрэ яшхынрэ щахуримыкъу лъэхьэнэт. Абы щыгъуэми, офицер сэлэт мин 20-м щIигъу хаIыгат балкъэр лъэпкъыр игъэкIыным. А бжыгъэм хэткIым си лъэпкъэгъуэр Къэзахъстанымрэ Къыргызыымрэ зыгъэIэпхъуа хьумакIуэ 244-нэ полкыр. Балкъэрхэр гъуэгуанэ трагъэувэным сыхьэтитI нэхъ тращIыкIэ уэнатlкъым.

Къэхъуар езыхэм я щхьэкIэ къащIащIауэ къалытащ ди къуэшхэм - адыгэхэм, урысхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщу ди республикэм щыпсэухэм.

Властхэм псори яIуэжащ балкъэрхэрэм я Iыхьэлы, благъэ зэпымыIэныгъэхэр ягъэкIуэдын папщIэ - ахэр Курыт Азимрэ Къэзахъстанымрэ я щыпIэ 120-м щыхагъэщащ. ЗэпэIэщIэ хьурт щIэблэхэр, адэ-анэхэмрэ быихэмрэ, зэщхьэхъуэхэр. Зы унатlуэм щыщIэр кьуажэ зыпсэхэм кьыщыдэхуэ щыIэт. Зэрыльагъуну Iэмал яIэтэкIым.

Архивхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Берие Лаврентий 1943 гъэм и кIэуэным жиIащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу псори епщыжаКIуэу, ахэр я лъахэм ишауэ зэкIэщIэгъэкIын хуейуэ. АбыкIэ арэзы хъущ Сталин Иосиф. Мыгувэу апхуэдэхэм фIащащ «епщIыжаКIуэ лъэпкъ» цIэр. Уеблэмэ абыхэм хабжэрт зауэм Iутхэри. Ягъэхъуэншэм щхьэкIэ нэгъуэщI щхьэусыгъуэ кьыхуагъуэтын хуей хьуауэ щэнхабзэмрэ ишуIэхэмрэ - абыхэм я щIыналъэхэм зауэ щекIуэкIатэкъым. ЖаIащ «ахэр кьанэ щымыIэу Советхэмрэ Дэ IПныкъымрэ ягъэщуауэ».

Лей зытехьахэр дзыакьым, я щIэр ирагъэуэхакъым. Ахэр бзыпчу кьыщIжаIащ: сабэм кьахуэхъуащ лъэпкыр захуагъэм и тельхьэу кьыхэрыгъуэгурыкIуэр, зэрыгуащIафIэр.

ИкIи нобэ, балкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр зэрызэфIагъэувэжрэ ильэс 50 щрикъу мазэм, дэ дигу кьэдгъэкIыжын хуейщ кьуаншагъэ гуэри ямыдзкъуэу икIи и мыгъэууэ дунейм екьыжахэр. Абыхэм я кхъащхьэхэр Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ я щIыпIэ куэдым щыIэщ. Дэ анхуэдэу фIыщIэ яхуэтщIу дигу кьыдохьажьыж ди лъахэгъу дыгъыгъэ гушхуэхэр, шыIэ тхэлъыным дыкьыхуэсыджахэр.

Дэ дигу ильынущ кьэзахъхэр, кьыргызыхэр, узбекхэр, нэгъуэщI лъэпкъэр ди щыхуэхэм кьаэрыдэIэпыкьуар. А щIыналъэхэр ди ди дежкIэ сыт щыгъуи ди ет1уанэ лъахэу щытынущ.

50 гъэхэм я пщIэдзэм Хрущев Никитэ и фIыгъэкIэ дунейр «къхуэбжьэ» щIидзащ. Абдеж кьыщыщIидзащ залымыгъэкIэ зи лъахэ ираша лъэпкъхэр хей щIыжьыным и Iуэхум. Тхьэр кьытхуэупсауэ кьыщIэкIынт дэ дыщIалъхуа щIыпIэхэм дыкьекIуэлIожьну.

1956 - 1959 гъэхэм кьагъэзэжащ балкъэр унагъуэу мин 10-рэ 500-м щIигъум - щыхуу мин 36-м. Шэч хэлъхьам ар Iуэху гугъуу зэрыщытам. Псом хэмыдэу хьэлъэт яп илъэсыр: псэуПIэхэр яхурикъуртэкъым, кьуажэ куэдыр зэхэкъутат.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

**Президентым ирегъэблагъэ**

АДЫГЕЙ. *Адыгейм и Президент Тхьэкlэщыкlэ Аслъэнджэрий иджыблагъэ яIущIащ «Зыуэ щыт Урысейм и гвардиещIэр» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм хэтхэм.*

РЕСПУБЛИКЭМ и Президентым и пресс-Iуэхущапlэм къызэритамкIэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ туризмэмрэ спортымрэ зегъэужьыным. Апхуэдэу абы къыщыхэщащ щIыналъэм и спортсмен зыбжанэ щIыпIэ куэдым я къурш нэхъ лъагэ дыдэхэм я щыгум зэрыдэкIар, абыхэм Адыгейм и ныпыр зэрыщIэтар. Апхуэдэ зы нып хьэщIэхэм Тхьэкlущынэм тыгъэ хуащIащ.

«Мы тыгъэр лъапIэ дыдэу къызолъытэ икIи ар Правительствэм и унэм щытхъэмэнущ», - кьыхигъэщащ Адыгейм и Президентым.

**УнафэщIхэр ягъэув**

АБХЪАЗ. *Республикэм и Президент Бэгъэнщ Сергей и унафэкIэ иджыблагъэ район, кьалэ администрацэ зыбжанэм я унафэщIхэр игъэувах.*

ПСАЛЪЭМ папщIэ, Сыхъум кьалэ администрацэм и унафэщI Хъуадж Адлейбэ Астамур, Гагрэ куейм - Кецбэ Астамур, Новый Афон кьалэм - Даутие Феликс.

Ауэ иджыри наIуэ кьэхъуакъым Очамчыр, Ткварчел, Гулрыпщ, Сыхъум, Гал, Гудаут районхэм я тхьэмадэхэр щагъэзэувыну махуэр. Зэрыхабзэу, республикэм и президентым и унафэкIэ ахэр кьыхах кьалэ, район депутатхэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

**Iущ Iущ Iущ**

**Президентым и Унафэщ Бечелов Ильяс хьэщIэхэр гуапэу кьригъэблагъащ икIи адэ щIэупщIуэзэ ищIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зэхэтлыкIэм, законхэр кьэщтэн и лъэныкъуэкIэ депутатхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэм.**

**Урысейм и муфтийхэм я Советым и УнафэщI шейх Гайнутдин Равиль зи пашэ гупыр гуапэу зэрыгъэблагъэм щхьэкIэ фIыщIэ ищIащ икIи жиIащ лыкIуэ гупым Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ мамырыгъэ Iуэхукlэ къыхэзыхыжькIуэхьр, мамырыгъэр гъэбдзэным хущIэкъуу субъектхэм я унафэщIхэм, дин лэжьакIуэхэм, щIалэгъуалэм зэрыIущIэр.**

**Шейхым депутатхэм яхуиIуэтащ Шэшэным, Дагъыстаным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щIлъэгъуащIэр къыхэзыщыкъхьуар. Ирригушхуэу абы къиригъэлъэгъащ чыристан динымрэ исЪаемымрэ ди къаралым дин нэхъыщхьэхуэ зэрыщыщытыр, Урысейм и мусЪымэнхэм я Дин Iуэхущапlэм и унафэщI ПщыхьэщIэ Анас, Исльам институтым и ректор Чочаев Шарафутдин сымэ «Дин зэкъуэтныгъэм папщIэ» медалхэр яриташ.**

**ПщIэшхуэ зэрахуищIым икIи хьэщIагъ къызэрыкIэлъызэрахьам и дамыгъэ, абы мусЪымэм пыIэ щыкIуэр ящIэ яхуищIащ республикэм и Парламентым и Унафэщ Бечелов Ильясрэ КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщ Къанокъуэ СультIанрэ.**

**Шейх Гайнутдин Равиль жэуап яриташ депутатхэм я упщIэхэм.**

**МЭЗ Ириняз.**

**Iущ Iущ Iущ**

**Iраным идэркъым**

**ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым гъатхэпэм 24-м кьищта унафэм япкъ иткIэ, Iраныр хуиткъым езым и ядернэ программэм елэжьыну.**

Ауэ Тегеран абыкIэ арэзыкъым. Къэралым и президент Ахмединеджад Мыхьмуд кьыльытащ апхуэдэ унафэм къэралым езым и энергетикэм зригъэужьыныжмкIэ иIэ хуитныгъэр кьыхэзыпуду. Iраным и Iэтащхьэм апхуэдэу быдэу кьыхигъэщащхьэхъукIащ ядернэ программэр зыкIи кьыхэзрызэтримыгъэувыIэнур. Дэ диIэн хуейщ нэгъуэщI къэралхэм я хуитныгъэхэм хуэдэ, жиIащ абы.

**Iущ Iущ Iущ**

**Ермэлыхэр мэщыгъуэ**

**Армением и правительствэр кьанэ щымыIэу и къудыкъум текIащ, премьер-министр Маркарян Андроник дунейм зэрехьжам кьыхэзыкIыну.**

Абы и гур кьеузырт икIи илъэс кьэс Урысейм, нэгъуэщI щIыналъэхэм кIэуэрэ дохутыр хэр зригъэIэзэрт.

УФ-м и Президент Путин Владимир премьер-министр Зубков Михаил Зурабовичрэ Армением и унафэщIхэм яхуэгъэзэващ.

***(ИТАР-ТАСС).***

**Iущ Iущ Iущ**

**Фэеплъым и цIыкIу**

**Эстоним щыужьыкъакъым зауэлI-щхьэ хуитщыжакIуэм и фэеплъым ехьэлIа къыгуфIэ.**

Таллинн щызэпэщIэуващ эстон национналистхэр ахэр фэеплъым езымыгъэIуэсэну хущIэкъуахэмрэ. Щыхуэ зыбжанэм фэбжь ягъуэтащ. Полицэм нэпс къыщIэзыгъэж газыр кьигъэсэбэнащ нуэрейкъм зэрызэзауэ. Национналистхэр хуейт зауэлI-щхьэхуитщыжакIуэм и фэеплъым и щIагъым кIапсэ банэхэр трапльхьну.

Хабзэхъуэмэхэр егугъуркъым я кьаэнэхэр ягъэзэщIэным. Уеблэмэ ахэр национналистхэм я тельхьэ хуэдэщ.

**Iущ Iущ Iущ**

**Цыху гужьеяхэр**

**Японием махуитIым кьрирубыдэу щэнейрэ щIыр щыхъеящ.**

Псом хуэмыдэу щынагъуэт нужьрейр - абы балитхум щIигъу кьару иIэт. Исакавэ хьитIыгум щIыщ унагъуэ щитхум щIигъур зыщIипсэун ямыIэу кьэнащ. Апхуэдэу гъуэгуэр, Iуэхущапlэхэр зэхэкъутащ. Щыхуэ зэкIуэдакъым.

IэщагъэлIэхэм кьаIытэ иджыри зы тхьэмахуэ хуэдизкIэ щIыпIэм щIыр щыхъеину. Мы кьэхъукъащIэ щынагъуэм пэщIэтыным кьаруушхуэ хуэзэщIагъэу Iуащ.

**Iущ Iущ Iущ**

**Жьы бзаджэ**

**Кърымым жьы кьыщепщащ зы секундым метр 50 и псынщIагъыу.**

Абы кьатибIу зэ тет унэхэми я щхьэхэр тричат, жьыгхэр кьигъэкIрэт, автомобилхэр щхьэпридзырт. Щыхуэ зыбжанэм фэбжь ягъэтащ. ЩIыпIэм и аэропортыр, кьхъуь тедзапIэр зэхуэщIауэ щытащ.

**Iущ Iущ Iущ**

**Iраным и ядерхъуэ**

**ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым гъатхэпэм 24-м кьищта унафэм япкъ иткIэ, Iраныр хуиткъым езым и ядернэ программэм елэжьыну.**

Ауэ Тегеран абыкIэ арэзыкъым. Къэралым и президент Ахмединеджад Мыхьмуд кьыльытащ апхуэдэ унафэм къэралым езым и энергетикэм зригъэужьыныжмкIэ иIэ хуитныгъэр кьыхэзыпуду. Iраным и Iэтащхьэм апхуэдэу быдэу кьыхигъэщащхьэхъукIащ ядернэ программэр зыкIи кьыхэзрызэтримыгъэувыIэнур. Дэ диIэн хуейщ нэгъуэщI къэралхэм я хуитныгъэхэм хуэдэ, жиIащ абы.

**Iущ Iущ Iущ**

**Ермэлыхэр мэщыгъуэ**

**Армением и правительствэр кьанэ щымыIэу и къудыкъум текIащ, премьер-министр Маркарян Андроник дунейм зэрехьжам кьыхэзыкIыну.**

Абы и гур кьеузырт икIи илъэс кьэс Урысейм, нэгъуэщI щIыналъэхэм кIэуэрэ дохутыр хэр зригъэIэзэрт.

УФ-м и Президент Путин Владимир премьер-министр Зубков Михаил Зурабовичрэ Армением и унафэщIхэм яхуэгъэзэващ.

***(ИТАР-ТАСС).***

**Iущ Iущ Iущ**

**Мы махуэхэм**

**Гъатхэпэм и 27, *гъубж***

**◆ Урысей Федерацэм и МВД-м и къэралкIэуэцIыдзэхэм я махуэщ.** 1996 гъэм гъатхэпэм и 19-м УФ-м и Президентым кьыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.

◆ Илъэс 15 и пэкIэ (1992) къызэрагъэпэщащ СНГ-м хэт къэралхэм я парламентхэм я ассамблее.

◆ Страсбург (Франджы) щекIуэкIынущ Европэм и Советым и щIыпIэ, щIналъэ властхэм я конгрессым и гъатхэ сессиер.

◆Гъатхэпэм и 27 - 29-хэм Анкара (Тырку) щекIуэкIынущ дунейпсо щIыдагъэ-газ, щIыдагъэ-химие выставкэр я конференцэ.

◆Гъатхэпэм и 27 - 29-хэм Париж щекIуэкIынущ транспортымрэ логистикэмкIэ дунейпсо зэIущIэ.

◆Илъэс 80 и пэкIэ (1927) кьаIытхуащ дуней псом щыщIэрыIуэ виолончелист, СССР-м и щIыхьэ артист, США-м и Лъэпкъ симфоние оркестрым щIыхь зиIэ и унафэщI, Ленин саугъэтым и лауреат (1964), СССР-м и Къэрал саугъэтым (1951), УФ-м и Къэрал саугъэтым (1995) я лауреат, нэгъуэщI къэрал зыбжанэм я нагъыщэ нэкъыщхьэхэр зыхуагъэфэща Ростропович Мстислав.

**◆Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэтIи 7-рэ дакъикъэ 58-м, кьухъэжьыныр сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 29-м.**

**◆Махуэм и кIыхьагъыр сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 31-рэ.**

**Гъатхэпэм и 28, *бзаджэ***

◆Ливием хэмэ къэралыдзэхэр щрашыжьа мазэщ. 1970 гъэм гъатхэпэм и 28-м иужьрей инджылыз зауэлIым къэралым и щIыналъэр ибгынащ.

◆Гъатхэпэм и 28 - 29-хэм Эр-Рияд (Сауд Къэрэш) щекIуэкIынущ Хьэрыпт къэралхэм я лигэм хэт къэралхэмрэ правительствэмрэ я Iэтащхьэхэм я зэIущIэ.

◆Гъатхэпэм и 23 - 31-хэм Дон Iус Ростов щагъэлъэIуныгъэм «Урысейм и Ищхъэ лъныкъуэм и агропромышленнэ форум» выставкэр.

◆Урыс, совет тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакъэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзыр къызэзыгъэпэща икIи абы и япэ унафэщI Горький Максим (1868 - 1936) къыщалъхуа махуэщ.

**◆Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэтIи 7-рэ дакъикъэ 56-м, кьухъэжьыныр сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м.**

**◆Махуэм и кIыхьагъыр сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 34-рэ.**

*Планэтэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

**Iущ Iущ Iущ**

**Дахэт зыгъэдахэр и щэнш.**

**Iущ Iущ Iущ**

**Хамэм и бдзэжьейр**

**Мэкъумэш Iэнатlэр кьэIэтыжьынымрэ теухуа лъэныкъо проектыр ди гъащIэм ирыльытащ щыхуэныр кьудкIэ еIыгъащ ди республ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# 1957 Илъэс тхущI и пэкIэ пэжыр

*(КIуэхыр. ПэщIэдзэр I-нэ нап.)*

Урысей Федерациэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я парт, совет Iуэхущапlхэр эрегугъуам, ди къуэш адыгэхэр, урысхэр, изгъэущI лъэпкъхэм ящыщу республикэм щыпсэуэхэр фIыуэ кьыз эрытхущытам, ахэр балькъэрхэм эрадзэпэпсыкъуам и фIыщIэкIэ псынщIэу эзэгъэкIащ цIыхухэр къетэоблэгъэжьынымк, лъжьапIэ гъэувыным ехьэлIа Iуэхуэхэр.

РСФСР-м и Министрэм я Советым 1957 гъэм кьишта нафэм ипкъ иткIэ, гъэтхэнэ гъэм ипкъ иткIэ Декларацэ кьищтащ «ЗалымыгъэкIэ зи лъахэм ирагъэкIа лъэпкъхэм кIэлыкIэрахьа лейр щIэпхьаджагъэу зыгъэгъэнымкIэ и абыхъм я хуитыныгъэхэр кьыбкъамийэр зэрыщаукъуэдияр, апхуэдэ гъэсынпхъэ республикэ псом кьигъэсэбэп зэрыхъуар.

1995 гъэм балькъэрхэм ирагъэкIуэкIа референдумым ипкъ иткIэ Iуащхьамахуэ, Шэрдж районхэр зэфIагъэувэжащ.

Долинск щаухуащ залымыгъэм и фбжь зэкIэхэм я арад нэхъыщхьэм - щыхуэхэм я псоукIэр егъэфIэкIуэнымк, жьлагъуэм зегъэуэзэщIынымк, Къэбэрдей-Балькъэрыр зыгу щIытыным ирахьэлIэн зэрыхуейр.

Къэбэрдей-Балькъэрыр зи унэ хъуа лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлIэуэр, зыхуей-зыхуэфIэхэр кьэлIытыныр республикэм щагуэмрэ лъэпкъ пстэумрэ и лъабжьэщ. КъБР-м и унаIуэхур. Апхуэдэу зыкъхахар 2005 гъэм елыгтауэ зыкъомкIэ нэхъыбэщ икIи яп дыдэу сом меларди 3-м щIигъуащ. Зэман гъунэгъум нэхъ кьалэн инхэр кьытпэщытщ. 2007-2008 гъэхэм щыIэкъуэ псори зытедгъэкIыжьын гъуэгу.

Мы гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым зыпшъэ ришIэжьынущ, программэу 33-м. Абыхъм кьыщигъэлъэгъуащ Iуэхущапl32-рэ яухуэну. 21-р лажьэу яутIыпщын хуейщ. Сом меларди 2,2-рэ кьагъэIурыщIэнущ. Абы уэхакIуэхэр я Iнатlэхэм ришIэжьынущ, лъэкъапIэщIэхэр кьызэригъэпэщынущ.

Гуфапl э куэд идохьэлIэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным, хьэрычэтыщIэ лъэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымк.

А псори я Iэужьыц ди лъэпкъхэм егупуэу икIи зэщIэгъэуIуауэ зэфIагъэкI лъжьыгъэм. Дауи, ди кьыдгуроIуэ властым и федеральнэ органхэр, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Iащ федеральнэ округым щыIэм и Iуэхущапlэр кьызэрыдыдэIэпыкъуэм и мыхьэнэр зыхуэдизыр. Абы папщIэ лъэпкъ куэд зыщыпсэу Къэбэрдей-Балькъэрым и щIэкIэ фIыщIэшхуэ яхудоуI икIи жьдIэIэ и Дзэпыкъуныгъэр Урысей Федерациэм и зэкъуэтынигъэр гъэбидэным, и лъэщагъыр кьэгъэнымк щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъур.

Мы гъэм дз дгъэлъэIэнущ изгъэущI гуфIэгъуэр - Къэбэрдей-Балькъэрым Урысейм зэрыхыпIэ зэманым 450-рэ зэрыгрыдзр.

Къэбэрдеймрэ Балькъэрымрэ я зэман зэмылIэужьыгъуэхэм, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм тету Урысейм хьихьамиз, мыхьэнэ зиIэр зыщ кьэбэрдей, балькъэр лъэпкъхэр пIалъэ кIыхь хъуауэ кьызэдогъэуэгурыкIуэ икIи ахэр сыт щыгъуи епщIыжакъым Урысейм хуэпэжыну ящIа тхьэрыIуэм.

Урысейм и гъуэгу ди лъэпкъхэм кьызэрагъэкIащ тхыдэ гъуэгуанэм зыщрихьэлIа гуфIэхь псори, абы и дамэм щIэту я лъахэм псоуэкIэщI щаухуащ.

Абы кьыхэкIыу сэ си фIэщ мэхъу илъэс 450-р гъэлъэпIэныр республикэм и лъэпкъхэр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен нэхьри зэрыкъуэзгъэ кьигъэлъагъэу зэрекIуэкIынур. Ар экономикэм, псоуэкIэм, щэнхабзэм зауэным хуача лъэбакъуэщхэу хъуну дызыгъгугъэнш. Шэч хэлъмэ лъэбакъуэ тIунапкъэхэм дызэрянэсынум, сыт хуэдэ Iуэхуми дызэрыпэлъэщынум. Абы папщIэ дызэкъуэтын хуейщ.

Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балькъэрым и лъэпкъ Iущхэм Урысей Федерациэм и лъэпкъ зэкъуэшхэм я унагъэшхэм зэрахэтынущ. Ар мамырыгъэм, захуагъэм,efIэкIуэныгъэм я лъабжьэщ.

## Къуэшыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ я щIэкIэ

**Ди республикэм нIэ псоуэкIэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщу зи гукъэкIыжхэр нобэ къыввэзыхьэлIэ Балькъэр Тыгъуэн. Ар илъэс куэд щIауэ Iнатlэ пэрыгту мэлажьэ, яп ягъэм ящыщу къьекIуэжащ. Комсомолым, партым я обкомэм щылэжьащ, мэкъумэш лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и Iэтащхьэу щыту пенсэ кIуащ. Иджырэ и Iэхэр зэгъедзауэ щыс-кьым. Ветеранхэм я советым жьыдджэру хэтщ. Илъэс 50 и пэкIэ ди къуэш балькъэрхэр я адэжь щIынальэм къызэрыкIуэжам ехьэлIауэ Балькъэр Тыгъуэн и гукъэкIыжхэр, ди гугъэщ, газетеджэхэм гъэщIэгъуэн ящыхьуну.**

- Я адэжь щIынальэм ирагъэкIауэ щыта балькъэрхэм 1957 гъэм кьагъэзэжащ. Ауэ здекIуэлIэн псэупIэ яIэтэкъым. Абы кьыхэкIкIэ адыгэ, урыс кьуажэхэм зэрыуагъэ ящIа щыпсэуэ. ИкIэщIыпкIэ балькъэр кьуажэхэм: унэхэр, клубхэр, сымаджэщхэр, Iащхэр зыщIэтын псэуалъэхэр, нэгъэущIэхэр щыхуэхэм хуейт.

Абы папщIэ, япэрауэ, уиIэн хуейт пхъэ псэуалъапхъэ куэд. А кьалэнхэр згъэзэщIэну сэ партым и Къэрэдей-Балькъэр обкомымрэ Министерствэм я Советымрэ я унафэкIэ чрезвычайнэ уполномоченнэу, комиссару сагъэув. Ди республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сасыкъ Уэлий и пщэ ирагъэхьа абы елэжьыну щыхуэхэр колхозхэм кьыхахыу Пермь областым щыIэ Вижай станцым ягъэкIуэну.

Сэ гъуэгу сытеуэвну зызохьэхъэзыр: МВД-м я складым сокIуэри, кIэрахьуэ кьыныхэох, щыгъын хуабэ: джэдыгу, упщIэ вакъэ, пыIэ зэхуэхьуэр кьыхьэох, абы зыщIэохуапэ.

Москва кьыщыщIыздзэ. Абы дэт Главным сокIуэ икIи унафэ ящIри, пхъэ паупщIар мэзым кьызэрыщIапIэф трактор 40 дринджьвну Вижай станцым идогъашэ.

АдэкIэ, СССР-м гъущI гъуэгуэхмкIэ и министр ныбжьэгъэ Бешевым и деж телефонкIэ сопсалъэрти дыз зэхуэзэн хуейуэ дызэгуроIуэ. А лъэхъэнэм ар хьэл тKIий зыхъэ министру кьаТытэрт. Арати, Бешевым и деж сокIуэ. Министрым и приемнэр пашIащ: хуэт, щыкIуэ куэди щIэтт, ауэ сэрат зэхьэри, сыщIагъэхьэ и кабинетым.

Пыбжьэгъу Бешевым кьохэздж, унэкум кьохIуатэ, сэлам кьызэх, срегъэблагъэ, сегъэтIыс, «щIэ укъыхэкIащ» жеIэри, шей пщтыр срегъафэ.

Сэ сызыкьыкIуэри, сщIэнри абы кьыгурыIуэрт, егупсысауи кьыщIэкIынут. Бешевым ехьэкI хэмыльу жиIащ сэ кьызэрызэIэпыкъунур. сщIэн хуейр зэрымытынщыр. «УщIалэщ, уи закъуэ пхуэзэфIэкIынкъым» псалъэхэр щIигъужащ (илъэс 24-рэ сызэрыкьуэр). Мыбы хуэдэ чэнджэщи кьызэрыщIащ: Вижай станцым сынэсри лэжьыр хуейм щыгъуазэ зыщIмэ, адэкIэ Свердловск кьалэм дэт гъущI гъуэгу Iуэхущапlэм и лъхьэкIыжьым зыхуэзгъэзэну. Абы сэ кьыздэIэпыкъуну епсэлъат. Егъэлеяуэ гуапэ сщIыхьащ.

Москва дэт Курскэ вокзалым сокIуапIэ. Сэ сыздэкIуэну станциим щыхуэ зезыщIа запыскIащ партым и райкомэм, райисполкомэм, а гъущI гъуэгу ревизорхэу ди деж щыIэхэм икIи лэжьыгъэшхуэ я псауалъапхъэхэр зэбгрыкIыжьыкIыжьыкIуэ, ящыгъэ я фIэщ сщIащ.

Районхэм транспортымкIэ кьарууэ яIэр ирахьэлIэу, адыгэ урыс кьуажэхэм кьабгъэдэкIыу, уеблэмэ, заводхэмрэ фабрикэхэмрэ кьэкIыу, машинэ куэд кьытхуэгъэкIуащ. Пхъэуэ платформ-мэзм тельхэр балькъэр дзэ зэпкъыкIащ, унагъуэхэм ирагъэIащ, зыIэрыхьэн хуейм IэрыдгъэкIащ.

Абы кьыхэкIыу, а гъатхэм кьыщыщIыздзэуэ кьэкIуэжа балькъэрхэм унэ щIынкIэ, псоуалъэ зыхуэнуэхуэ кьуэныр икIыкIэ щIэхуэбжьауэ екIуэкIыгъащ. Сэри а Iуэхум езгъэуэжьауэ зыхуэнуэхуэ кьуэныр икIыкIэ щIэхуэбжьауэ екIуэкIыгъащ. Сэри а Iуэхум езгъэуэжьауэ зыхуэнуэхуэ кьуэныр ирагъэуэжьауэ тIысыжьынырэ, тезгъэгушхуэу сахэтащ. ПсынщIэу зэфIэкIа хъунут, балькъэрэзэ унагъуэжьу тIысыжьынырэ.

Мы зыри щIыгъужьнущ: партым и Совет-тхэ (иджы Шэрдзэж) райкомым и яп-рэ секретарэу гъжьа Уэназ Къэнэмэт, (ар лъэпкъым я лIы пашэжэм ящыщт), мы Iуэхум щыгъуазэ щыхьуам, кьызжиIауэ щыпытащ: «Пыгъуэн, мы псэуэлъапхъэмкIэ уэ зэфIэбгъэкIам папщIэ, ди лъэпкъым упсэу щыкIыб фэеплъ пхуигъэуэ хъунущ». Iуэхущхуэ зэфIэкIауэ, пIалъэгъэ, уи гум кьимынэжьынкIэ Iэмал иIэкъым. Аращ сэри ар зэн щIысщIымыгъупщэр.

Гугъуэсхьыпсэу зытетла, бэлъхьышхуэ зышэча ди къуэш балькъэрхэм сазэрыдэIэпыкъуэ. Сэ сыгуфIыкI, сроугушхуэ нобэми.

## Мухьэжыр

Кульбаев Мухьэжыр

**1944 гъэм и гъатхэпэ маазэм балькъэр лъэпкъыр задымыгъэкIэ я лъахэм зэрырагъэкIар щхьэхуитныныгъэр кьизымыдзэ хабзэншагъэ кьудейтэкъым, атIэ къэралыр и щIыхум зэрыхущытын хуей дунейпсо пщалъэр хэуг эн зыщI Iуэхугъэу щынагъ уи А. къэлъэщагъэр нэхъ пасэу щэхуу ягъэхьэзырын щIадзат. Архив дэфтэрх эр щыхьэт зэрытехьэуэщи, мурад бааджэр теухуат дунейпсо мыхьэнэ зиIэ, Кавказым и хьугъуэфIыгъуэ Iуащхьэмахуэрэ Iуащхьэмахуэ лъапэрэ Куржым и щIынальэм хэгъэхьэным.**

ДИ КЪУЭШХЭМ дэнэ щащIэнт, я щIыхьэпIи кьыщIыхьэунт я адэжь лъахэм зальымыгъэкIи ирагъэкIыу хамэщI жьыжьэм илъэс 13-кIэ бэлыхь мыхуэжьым щыхэтну.

Ауэ зэкъуэшхэм и яп махуэхэм кьыщыщIздзауэ, Совет Союзым и адрей лъэпкъхэми хуэдэу, балькъэр лъэпкъым и кьуэ нэхьыфIэхэри фронтым игъэкIуащ. Ахэр щхьэмыгъаззэу бий ерум езэуащ, мыдэкIэ кьэнахэр жэщ-махуэ ямыIэу Темуэныгъэм хуэлэжьащ.

Абы щыхьэт тохьуэ дэнэрэ куэдхэмрэ газетхэм кьытехуа тхыгъэхэмрэ. Апхуэдэу тхыгъэхэм ящыщу 1943 гъэм щкIуэгъэуэн и 11-м Шэрдзэр районым и мэкъумэщыщIэ пашэхэм я зэйущIэм теухуауэ ВКП(б)-м и обкомым и инструктор Кульбаев Мухьэжыр игъэхьэзырар. Абы уэхьащIэкIэ гур ихуэну уогупсыс: кьыгъэрыуэкI щIыуэхэм - колхозхэм, мэлыхьуэхэм, щыхьуэхэм, лIыжьхэм, фронтым щIэ зауэлIхэм я щхьэгъусэхэм, ныбжьащIэхэм Дзэ Плъыжьым щхьэкIэ щIалкъуэмкIэ, щыхэмI щыгъын хуабэхэм-кIэ планкэр гъэзэщIынымк етIысхэх ямыIэу щыпэрыт махуэ хьэлъэхэм абыхъэм ихуэгъэзауэ «къэралым и епщIыжакIуэхэр» жьыхуиIэ Iуэхуэр зэрахьэрт.

Мухьэжыр и тхыгъэм кьыхэщырт мэкъумэш лэжьакIэм хьарзынэу у зэрыхуэмыдэр.

Iэнэмэ и щIэр кьриIуэурэ кьигъэльагъэуэрт бийр хэкум щрахужа зэман гугъуэм псоми я зэхуэдэ Iуэхум хэт сыт хилъхьэфами. НэхьыжьыфIэм я зэфIэкIыр щапхъэ у кьихьащ. Кьапщтэмэ, илъэс 95-рэ зи ныбжь Аганов Тотий ильэсым и кIуэщIкIэ тру дощ 342-рэ, илъэс 90 хьу Мокаев Шамил - 400 кьилэжьат .

Обкомым и инструктор Кульбаев Мухьэжыр колхозхэм я лэжьыгъэм кьрикIуахэр щыгъэпкIрихым кьигъэльэгъащ, нэмыщ1 зэрыпхъэкIуэхэм кьыхуахьа хэщIыныгъэ иным щыкIуэ, Iэщ гъэхэмыкIэ планыр республикэм япэу щызыгъэзащIэхэм Шэрдзэр районыр зэращыщыр.

1943 гъэм щкIуэгъуэм и 10-м ирихьэлIэу лымкIэ, дагъэмкIэ, нартыхумкIэ, цымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи куейм кьыпщIытахэр кьанэ щымыIэу зэфIигъэкIащ. IэщщыхуэмкIэ процентыр 138,7-кIэ, щымкIэ (Дзэ Плъыжьым щхьэкIэ) - 107,7-кIэ, мэлбжэнхэр гъэбэгъэнымкIэ проценти 123,3-кIэ планхэр ягъэзэщIащ. Фронтым Iуэхум я унагъуэхэри зышагъэгъущащкъым. Абыхъэм хуагъэщащ жэм 300, унэ 23-рэ хуаухуащ, 181-рэ хуэзэрагъэпэщыжащ.

Ехьу лэныгъэхэм кьадэкIуэу, тхыгъэр топсэльыхь Iуэхум хэль щыщIэныгъэхэми, ахэр гъэзэщIауэ щымыкIэ лэжьыгъэхэми.

Мис апхуэдэу псэуэхэр 1943 гъэм и бжьыхь я кIасэм республикэм и районхэм ящыщ зыр - балькъэрхэр куэду щызэхэс Шэрдзэр куейм и щIыхуэхэр.

Тхыгъэр мыпхуэдэу иухырт: «Шэрдзэр районыр хуэлэжьу ГНК-мрэ ВКП(б)-м и обкомымрэ я Бэракъ Плъыжь зэпэхьар зыIэрегъахьэнри, я мурадыр кьайхьулIэну куейм и мэкъумэшыщIэхэм девгъэхьэхьу». Ауэ ар яIыгъэну ящхьуиухатэкъым - мазищ нэхъ дэмыкIыу балькъэр лъэпкъыр залымыгъэкIэ я лъахэм ирагъэкIащ.

Ди къуэшхэм я усакIуэшхуэ Мечиев Кязим и усэ сатыриплIым кьууэ кьыхуэ Къэзахстаным, Кьыргъызым, Азие Курытым я щIынальэхэм ягъэзэпхьуауэ щыта балькъэрхэм я фэм дэкIар, я гум бампIэу дэлъар:

**СогьыкIэ, гъущIым**
**си губампIэр т ескут эу.**
**Кьызоижх пщIэнтIэпс.**
**ЛъэIэскым си Iэр сн гуГъапIэм -**
**Цыхуэфэм гъущIыркым я нэпс.**

Илъэс 50 и пэкIэ пэжыр текIуащ, захуагъэр зэфIагъэувэжащ. 1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м илъэс 13-кIэ я гур кьызыхуэпэбгъа, я щыщIыхьмрэ гупсысэмрэ зэи хэмыкIа я льахэм балькъэрхэм кьагъэзэжащ.

Гугъу ехьымрэ хьэзабымрэ зи натIэ хуэуэ щыта лъэпкъым абы кьыщыщIэдзауэ нэрылъагъуэ зиужь, зиужьщI эрпытщ, кьэралыгъуэм фIыкIэ и цIэр кьыхуэ. Абы и насыпымрэ и кьэжьэнуэрэ гурэ псэкIэ телъэжьащ, щIэмычэу щIэбэнащ, я кьарумрэ я щIэныгъэмрэ ирахьэлIащ Кульбаев Мухьэжыр Ахьмэт и къуэм хуэдэ цIыху щыпкъэхэр.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб.

## Ар пхуэлIорыгъэгъущIэнукъым

**Хэку зауэщхуэм нэмышIкIэ, XX лIэщIыгъуэм Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхухэм епэжьнIэкIэ я нэгу щIэкIа гуаузт 1944 гъэм ди къуэш балькъэр лъэпкъыр залымыгъэкIэ я лъахэм зэрыграгъэкIар.**

ЗЭНЫБЖЬэГЪУРЭ зэакьылэгъуэу республикэ зэщIакъуэ мыиным щIэздзэпсэу адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ лъэныкъуэ кIэдкIэ зэрыIыгът. Иригушхуэу ар ирагъэщхьыр зи дамитIыр щэщIа къурщыбгъэ уардэм.

Абы сощIэж зи жьэгу пащхьэр зрагъэбгына лIыжьхэр, фызыжьхэр, сабийхэр зэщIэгъуагъэ хэкум щраша а гъатхэ мазэ жагъэр.

Ди Зеикъуэрэ Гундэлэн кьуажэхэм зэбгъэдэсри, кьэдэр зэрыцIыхурт, зэныбжьэгъуфIэхэт, благъагъкIэ зэрыубыдахэри мащIэтэкъым. А махуэ хьэлъэм зеикъуэдзэхэр кьэхъуам игъэгуитIщхьитIу километр 10-кIэ гъуэгум и лъэныкъуитIми щиувыжьат. ТIльаГъур гущIыхьэт, зи лъахэм ирагъэкIа дзэзрыдзэпэпсыкъуэ Iэмал гъуэри щIэтэкъым.

Абы лъандэрэ илъэс 60-м фIыуэ щIигъуами, си нэгу щIэкIауэ щытар ноби сщIыгъупщэркъым, быджу си гум кьинащ.

Балькъэрхэр хамэ щIыпIэ жьжьым зэрыщыIа илъэс 13-м кьриуубыдау сэ епщIанэ классыр кьэзуэщ, институтым сыщеджэри, инженер-лэжьакIэ Iащ1агъэр сиIэу кьэзгъэзэжащ. Ар ирихьэлIат пажагъыр щызэфIэувэж, балькъэр лъэпкъым лъахэм кьыщыгъэзэж зэманым. Абы и щыхьэкIэ зэрыреспубликэу гуфIэгъуэм хэтт. Зеикъуэрэ Гундэлэнрэ я зэхуэдизыр щIэ нэхъ щIыпIэ дахэм дежи зэныкъэхэ гукъинэж щызэхашат. Зэраубзыкъуам тету зэIуцIэр егупуу кьызэрагъэпщат. Ар мыхьэнэхуэ зиIэ политикэ Iуэхугъуэу зэрыщытым и щыхьэтт партым и обкомым, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, Правительствам я лIыкIуэхэм. Зэхьихэу гуапэр езыгъэжьэкIар балькъэрхэр партым и Iуащхьмахуэ къэралым и комитетым и тхьэмадэ Къущхьэ Гъумарт. Мы Iуэху дахэм ирихьэлIат цIыху миным щIигъу.

Сэ илъэс 74-рэ сохъури, кьэзгъэщIам кьитIасэу сщIэжкIрыкьым апхуэдизу щыхуэхуэу, зэщIэкъуэуэ, гуфIэжьу Зеикъуэрэ Гундэлэнрэ дахэм кьызэрагъэпэща а зэIуцIэм хуэдэ куэд сриукъэлIауэ.

Балькъэрхэм зэрызэужьыжа щIыкIэри си нэгу щIэкIащ. Кьэтщтэнщ Гундэлэн жьлагъэр. Кьагъэзэжа нэужь, блэкIа илъэс 20-м кьриубыдэу ар хьэат республикэм и кьуажэ нэхъ зэIуэзэпэщхэм щыIэ. Адрей балькъэр жьлагъуэхэми хуэдэу, ящыщ зы. Щыгъуэ щыIэт унэхэр зыхэт сымаджэщ комплекс екIу, тIысыпIэ 400 зиIэ кинотеатр, Щэнхабзэмкlэ унэ, кьатищу зэтет курыт еджапIэ, макъамэмкIэ школ, универмаг, тыкуэн 8, библиотекэ, сабий гъэсапIэ, нэгъэущI куэди щахуащ.

1989 гъэм ирагъэкIуэна щыхуэ хэтхьым зыщыгъэзэжамкIэ, щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ балькъэрхэр Урысейм и мызакъуэу СССР-м я япэ щищащэу щытащ. Дуней псом кьыщащIыкъу Кулиев Къайсын, Отаров Керим, Зумакулов Танзиля, Рахаев Анатолэ зэкъуэшхэр, Эфендиев Сэлихъ, Залихановхэ Хъусейн, Михаил, Таукенов Магомед, Казаков Исхьакъ сымэ.

Иригушхуэу кьраIуэ Гундэлэн кьуажэм и цIыху щIэрыпуэхэр я къэжьэнкIэ. Ахьмэтрэ Сэфар, Чечоевхэ Хъусейн, Магомет , Хутиев Хьэнэфий, Макитов Сэфар, Чечоевхэ, нэ-гъэущIэхэри. Мы къуажэм кьыдэкIащ щIэныгъэм и кандидату 40, зы академик, Урысейм и ТхаIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я союзхэм хэту щыIэ 25-рэ.

И щхьэм кьрикIуауэ щытар лIыхъжьыгъэ хэлъу кьызэзыпэкIа балькъэр лъэпкъ гуащIафIар щапхъэ кьигъэльагъуэу, хуэфащэ увыпIэ иIыгъыжу республикэм и лъэпкъыбэм кьыдэкIуэкIри, и къэкIуэнур, и пщдэйр нэхъ дахэж ирехьу.

КЪУЩХЬэ Мухьэжид.



**МЕЧИЕВ Кязим,** *цIыхубэ усакIуэ*

**ЗУМАКУЛОВ Танзия,** *Урысей Федерациэм и Къэрал саугъэтым и*

**КУЛИЕВ Къайсын,** *Ленин, ССС Р-м я Къэрал сэугъэтхэм я лауреат, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ и фэеплъ*

**БАБАЕВ Ибрэхьим,** *КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*

**СОЗАЕВ Ахьмэт,** *Къ БР-м, КъШР-м я цIыхубэ усакIуэ*

# текIыщ, захуагъэр зэфIагъэувэжащ 2007

## Мариям и лЫгъэ

**Фронтым щыхэкIуэда лейтенант нэхъыжь Кудаев Исмэхьил Жунус и къуэм и унагъэм къытепсыхауэ щыта насыпышнагъэм наIуэу къыхощыж си льэпкым хамэщIым и фэм щикIар, щигъэвар.**

ЗЭМАНЫМ уIэгъэхэр игъэкIыжу, гуфIэгъэуэм гуэвэгъэуэр пщигъэгъупщэу жаIэ. Ауэ дауэ зэрыщыгъупщэнур бзыльхьым хадзауэ щыта си льэпкым хамэщIым щыфIэкIуда и щIыхь лажьэншэхэр. ЦIыхухъуу, цIыхубзу, си ныбжь хэкIуэтауэ, сабийуэ, ди Iыхьлыр ныбжьэгъуу дапшэм я псэр кIыщына а хамэ щIыпIэм!

ЗыхуэкIуар арати, фронтым Iут ди льэпкъэгъуэм я унагъуэхэм дэчых гуэри хуаIакъым. Балъкъэр зауэлI хахуэхэм я фызабэхэми, я бынхэми, я адэ-анэхэми щIы кIэралъхьащ, фашистхэмрэ бандитхэмрэ я IупэфIэгъуэхэм хабжащ. Уебдэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэу Совет Союзым и ЛЫхьжь цIыльпIэр кьыхуагъэфэща къхъухьлагэзехуэ щIрыIуэ Байсултанов Алим и унагъуэм щыслъакъым. Езы щIалэ хахуэр I943 гъэм и фокIадэ мазэм Баттие тенджызым и щыгум щекIуэкIа хьэуа зауэм хэкIуэдащ. Илъэс ныкIуэ нэхъ дэмыкIыу абы и адэ-анэри, и къуэш, и щыпхъу нэхъыщIэхэри Азие Курытым ягъэIэпхъуащ. «ЦIыхубэм и епIщIыжакIуэм пыщIныгъэзыхуиIэм къыхэкIыу», ЛЫхьжьым и щхьэгъусэ урыс цIыхубз Давыдовэ Верэ Алексей ирихьыми абыхэм я лъагъэр иратэжуну хущIэкъуахэщ. Алим и къуэ Валерэ щIалэ цIыкIухэм куэдрэ ягъэбзмпIащ «бандит цIыкIыкIэ» къеджэуэ. Псоми я нэхейкIэ ар дзэ кхъухьлатэзехуэ хьащ. Кьулыкъым къыхэкIыжауэ авиацэм и подполковник Байсултанов Валерэ иджыпсту Налшык къалэм щопсэу.

ЛЫхьжьым и щхьэгъусэ Верэ и насыпкъыхами, Кудаевэ Мариям Уэсэмэн и пхъум къыпэплъэр гущIыхьэт. Фронтым щыхэкIуэда балъкъэр зауэлI минхэм я фызабэхэми хуэдэу, абы и унагъуэри лъахэм иращащ. Ар я гъэIэпхъуащ Джамбул областым и Курдайск районым хыхьэ Каракунду къуаежэм. Апхуэдэ щыкIэкIэ Шэджэм ауэым и мызакъуэу нэгъуэщI щыпIэ куэдми фIыуэ кьыщащIыху Шаваев Даут-Хьэжьим и къуэрылъху цIыхубз зи насып къэкIуэгъэр, и сабиищымрэ зи ныбжьыр хэкIуэта и адэмрэ щыпIыгу хамэщIым къыщохутэ. Сыту хуэныкъуэт ар хахуагъэ кьигъэлIагъуэу Ростов къалэм и Iэшэлъашэм си псэр щызыта и щхьэгъусэ Исмэхьил.

Къуршыжьхэр зи хэщIапIэ и лъахэм пэIащIэу хамэщI жьыкъэм зи жьэгу мафIэр щыпхызыгъэна Мариям зыщыгуфыну кьыхуэнаи и щхьэгъэ, и къэру закъуэрт. Арффыуэ кьызыгурыIуа цIыхухэм абдежым кьыщыщIэдзауэ ещ жьыхуIэр ищIакъым. И адэмрэ и бынхэмрэ мэжэщIалагъэм кьызэригъэзыным емытIысэхыу яужь итащ.

